# JURNALISTIKA SOCIALLÍQ INSTITUT SÍPATÍNDA: REGIONALLÍQ ASPEKTTE ÚYRENIW

**H.A.Atajanov** – *filologiya ilimleriniń kandidatı, docent*
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti*

**Tayanch so'zlar**: ijtimoiy institutlar, jurnalistikaning vazifalari, jamoatchilik fikri, gazeta, jurnal.
**Ключевые слова**: социальные институты, функции журналистики, общественное мнение, газета, журналы.
**Key words**: social institutions, functions of journalism, public opinion, newspaper, magazines.

**Kirisiw.** Sońǵı jıllarda sociallıq institutlar túsinigi jámiyetimiz turmısına kirip kelip, elimizde sociologlar, siyasatshılar, filosoflar arasında jámiyettiń sociallıq strukturası elementi – sociallıq institutqa, onıń ózgesheligi, strukturasına, xarakteri, túrli institutlardıń bir-biri menen qarım-qatnasına qızıǵıwshılıq kúsheygenin atap ótiw múmkin. Burınları tilge de alınbaǵan, aytılsa da batısqa tán dep sanalǵan sociallıq institutlardıń bir túri qayırxomlıq tuwralı da pikir bildirilmekte. Sonday-aq, máhálle institutı, puqaralıq jámiyet institutları payda boldı.

Jámiyettegi hár qanday ózgeris hám jańalanıwlar tiykarında bir topar adamlar emes, al sociallıq institutlar turatuǵının hesh kim biykarlay almaydı. Usılar ishinde sociallıq institut hárqashan ózgerisler, jańalanıwlardıń basında turatuǵın jurnalistika institutı tiyisli dárejede izertlenbey atırǵanı ókinishli, álbette. Sebebi, jurnalistika óziniń múmkinshilikleri arqalı qısqa waqıt aralıǵında kópshilikti óz tárepine tartıw, basqa institutlar menen básekilesip, jámiyettiń jańalanıwına úles qosıp baratuǵını hámmege ayan. Sonıń ushın jurnalistikanı jámiyettiń sociallıq strukturası elementi sıpatında tallaw búgingi kúndegi áhmiyetli wazıypalardan biri sanaladı.

Negizinde jámiyet talapları menen júzege keletuǵın institutlar bar. Bular siyasiy, ekonomikalıq, bilimlendiriw, shańaraq, diniy institutlar bolıp tabıladı.

Siyasiy institutlarǵa mámleket, sonday-aq, parlament, prezidentlik, húkimet (túrli mámleketti basqarıw uyımları), ózin-ózi basqarıw uyımları, armiya, partiya, profsoyuzlar institutları hám taǵı basqa da qanday da siyasiy dúzimdi, ideologiyanı saqlaw hám qollap-quwatlaw jatadı.

**Tiykarǵı bólim**. Al, jurnalistika usılardıń qaysı birine kiredi? Geyde onı jámiyetlik pikir, moral, ruwxıylıq penen baylanıslı toparǵa qosadı. Olay bolsa jurnalistikanı bilimlendiriw institutına da qosıw múmkin. Degen menen, bul jurnalistikanıń bir tárepi sanaladı. Mısalı, XIX ásirde jurnalistikanıń basqa da ózgesheligi: basqa óndirislerdey kapital jıynaw quralına aylandı. XX ásirlerge kelip bul tárepi anıq kórinis berdi, basılımlar kóp payda alatuǵın boldı. Demek, jurnalistikanı ekonomika institutına da qosıwǵa boladı eken. Sonday-aq, mádeniy qádiriyatlardı, aytayıq, kórkem shıǵarmalardı kórsetiw arqalı áwladtan-áwladqa jetkeriwi múmkin. Sociologlar izertlewleri sońǵı waqıtları 40-50% televidenie efiri filmler, spektakller, kontcertlerdi beriwge arnalǵanın kórsetedi.

Bul hár bir sociallıq institutti bir-birinen ajıratıp alıp qarawǵa bolmaytuǵının dálilleydi, olar bárqulla baylanıs hám qarım-qatnasta rawajlanadı. Mısalı, bilimlendiriw ushın óndiristegi qánigelerge bolǵan zárúrlikti esapqa alıw lazımlıǵı belgili. Kerisinshe bolsa bir qánigeler artıp, ekinshileri azayıp qalıwı kútiledi. Al, joqarı oqıw ornı bolsa húkimetke, sonday-aq, shańaraq institutı menen tikkeley baylanısta jasaydı. Sebebi, oqıw ornınıń xızmet etiwi, rawajlanıwı shańaraqlarda balalar tárbiyasına, olardı oqıtıwǵa kóbirek itibar beriliwine baylanıslı ekenligin hesh kim biykarlamaydı. Shańaraqta balalardı oqıtıwǵa, bilim beriwge itibar berilmese, oqıw ornınıń kún kórisi, rawajlanıwı múmkin emes. Demek, hár bir sociallıq institut óz aǵzaları háreketlerin tolıq qadaǵalay almaydı eken.

Geyde ayrım institutlar basqaların basqarıwdı qolına alǵısı keledi. Máselen, húkimet, siyasiy shólkemler bilimlendiriwdi qadaǵalawdı qáleydi. Qadaǵalaw tuwralı sóz bolǵanda, barlıq ellerde sociallıq institutlar ishinde jurnalistikanı qadaǵalawǵa kóbirek dıqqat bólinetuǵının aytıp ótken orınlı. Sebebi, bul puqaralardı basqarıwdıń eń qolay hám kúshli quralı. Bunıń baslı kórinisi basshılardı tańlawda kózge taslanadı. Burıńǵı awqamda baspasózdi partiya tárepinen qadaǵalaw jurnalistikanıń tiykarǵı principlerine aylandı. Partiya basshını tayınlap qoymastan, bólim baslıqları, hátte, arnawlı xabarshılardı da saylap qoyǵanı jaqın ótmishten belgili. Mısalı, awqam dáwirinde házirgi «Erkin Qaraqalpaqstan» («Sovet Qaraqalpaqstanı»), «Vesti Karakalpakstana» («Sovetskaya Karakalpakiya»), gazetalarınıń ayrım bólimleri baslıqlarına shekem partiya aǵzası bolıwı talap etilgen. Jurnalist qanshelli tájiriybeli, qálemi ótkir bolmasın, eń bolmaǵanda sol dáwirdegi mámleketti basqarıp turǵan partiya aǵzasına talaban bolmasa, lawazımǵa tayınlanbaǵan. Al, respublikalıq gazeta-jurnallardan házirgi «Qaraqalpaqstan jasları», «Jas Leninshi» hám «Jetkinshek» gazetaları bas redaktorlarına partiya aǵzası qoyılǵan. Sonday-aq, redakciyanıń jobaları partiya komitetleri tárepinen tastıyıqlanǵan. Mısalı, «Sovet Qaraqalpaqstanı», «Sovetskaya Karakalpakiya» gazetaları Qaraqalpaqstan wálayatlıq partiya komiteti tárepinen tastıyıqlanǵan bolsa, «Jas Leninshi», «Jetkinshek» gazetaları is jobaları ózleriniń shólkemlestiriwshileri – komsomol shólkeminiń tastıyıqlawınan ótken.

Batıs ellerinde ashıqtan-ashıq jurnalistikaǵa basım ótkeriw bolmaǵan bolsa da, basshılar arqalı tásir jasaw bolǵan. Sonday-aq, finanslıq tárepten qısımǵa alıwdı da bir shetke ısırıp qoyıw múmkin emes.

Basılımlar tuwılıwınan baslap sawda-satıq, ekonomika, siyasat, óndiris hám basqa da jańalıqlardı jetkeriwshi sıpatında tanılsa da, óziniń kópshiliktiń keypiyatı hám háreketleri, húkimetke qatnasın qáliplestire alatuǵın kúsh ekenin dálilledi. Házir bunı bizler jámiyetlik pikirdi qáliplestiriwshi degen bolar edik. Bul bolsa qaysı dáwirde, dúzimde de basqarıwshılarǵa unamaǵan. Nátiyjede XV ásirde-aq birinshi sheklewler júzege keldi.

1486-jılı Germaniyanıń Maynts qalasında kalendar hám almanax islep shıǵarıwshılar ushın birinshi sheklewler payda boldı. Onda siyasiy jańalıqlardı jaylastırıwǵa shek qoyıldı. Talaptı buzǵanlar jazaǵa tartıldı.

Húkimet te ózine unamaǵan basılımlardı qadaǵaladı, olar ushın qaǵıydalar jarattı. Mısalı, Germaniyada qaǵıydalar 1521-jılda islep shıǵılǵan.

Birinshi márte basılımlar húkimet ushın gúreste qural retinde Angliyada paydalanıldı. Burınları qurallı soqlıǵısıwlar, awdarıspaqlar arqalı húkimetke iye shıqqan bolsa, basılımlar arqalı óz sózin kópshilikke ótkerip, húkimetke iye bolıw da múmkinligi anıqlandı. Angliya jurnalistikasın izertlegen I.V.Trubicinanıń atap ótiwinshe, «kúndelikli basılımlap payda bolǵan waqıtta informaciyaǵa bolǵan talaptı qanaatlandırǵan bolsa, bara-bara ideologiya hám ekonomika menen qızıǵıwshı auditoriya qáliplese baslaǵan. Bul bolsa basılımlardıń siyasiy ústinliginde kózge taslandı» [6:57].

Pikirlerimizdi bir jerge jámlep aytatuǵın bolsaq, joqarıdaǵı tendenciyalar jurnalistikanıń maqset hám háreketleri rán-báreńligin kórsetedi. Solay da, jurnalistikanıń xalıqqa kúshli siyasiy tásir ótkere alatuǵının atap ótpew múmkin emes. Sonıń ushın da húkimet mámleketti basqarıwda basqa institutlarǵa qaraǵanda jurnalistikaǵa kóbirek súyenedi. Jurnalistika búgingi kúnge kelip xalıqqa zorlıq penen tásir jasaw ilajı emes, al informaciyalıq basımdı kúsheytiw arqalı psixologiyalıq tárepten tásir ótkeriwdi qural sıpatında paydalanıp atır dep aytıw orınlı boladı. Bunı bolsa jurnalistikasız ámelge asıw múmkin emes hám bul jaǵday jurnalistikanı institutqa jatqarıwǵa tiykar jaratadı.

Awqam dáwirinde mámleket tárepinen qarjılandırılıp kelgen basılımlardıń finanslıq órisi tarıldı hám óz betinshe kún kóris jolın tabıw ushın auditoriyanı tartıwdıń túrli usılları izlene basladı. Finanslıq tárepten qısılǵan basılımlar auditoriyanı dúnyada, elimizde bolıp atırǵan túrli waqıyalar menen tanıstırıp barıw kerek, al puqaralar ózleri keregin tawıp aladı kibi túsinikler payda boldı.

Mısalı, sońǵı dáwirdiń tuwındıları sanalǵan telekanallar «Jaslar TV», «ETV», «ATV» telekanallarınıń baǵdarlamalarınıń kópshilik bólegin kewilashar kórsetiwler quraydı. Al, informaciya beriw, kúndelikli jańalıqlar menen tanıstırıp barıwǵa onsha kóp waqıt ajıratılmaǵan. «Nókis FM» radio kanalında da usınday kórinis. Túrli viktorina, qutlıqlawlar, muzıkalı kompoziciyalar tiykarǵı mazmunın quraydı. Respublikamızda keyingi jılları payda bolıp, auditoriyanı jıynaw tárepinen gazeta-jurnallar bılay tursın, hátte, televidenie kórsetiwlerin de izde qaldırıp ketken cociallıq tarmaq hám messendjer kanalları jumısında bolsa basqasha kórinis gúwası bolamız. Tuwrı, saytlarda muzıkanı jaylastırıw menen hesh kimdi ózińe qarata almaysań. Túrli qutlıqlawlar da ótimli emes. Sonlıqtan, saytlarda kóbirek kúndelikli jańalıqlarǵa orın ajıratıladı: Parij olimpiadasında ne bolıp atır, túrli másláhátler, reklamalar bar. Sózimizdi bir mısal menen tolıqtırayıq. 30-iyul kúni «Qaraqalpaq 24» saytında «Dıqqat! Abaylı bolıń!» [4] materialında telegram arqalı mámleketlik organlar atınan jalǵan fayllar jiberilip, puqaralardı aldawı múmkinligin túsindiredi hám onnan saqlanıwǵa shaqıradı.

Kórip ótkenimizdey, usınday qısqa-qısqa maǵlıwmatlar, túrli reklamalar da auditoriya ushın qızıǵıwshılıq tuwdıradı. Búgingi tezlesken zamanda waqtın televizor aldında, yaki bolmasa gazetalarda usınday materialdı oqıp otırmastan qısqa maǵlıwmat arqalı-aq auditoriyanı sawatlandırıp baradı. Bunı sayttıń 98 mıńnan aslam jazılıwshısına iye ekenligi de kórsetip turıptı.

Búgingi kúnde jurnalistika funkciyasınıń (roli) bir neshe klassifikaciyası júzege kelip atırǵanın joqarıdaǵı mısallar da tolıq dálillep turıptı. Jámiyettiń tınımsız túrde ózgeris, túrlenip atırǵanı, jańa fenomenler tuwılıp atırǵanı jurnalistika funkciyasın jańadan payda bolǵanlar tiykarında qaytadan sın eleginen ótkeriw zárúrligin júzege shıǵardı. Kópshilik izertlewshiler jurnalistika funkciyasınıń trancformatsiyası, qayta tuwılıwı tuwralı aytqanda kóbirek unamsız qubılıs sıpatında qaramaqta. Endi usı baǵdardaǵı ilimpazlardıń pikirleri menen tanısıp ótemiz.

Jurnalistika payda bolıp, tarqalǵan waqıttaǵı funkciyası xabarlandırıw-kommunikatsiya (baylanıs jasaw) dan ibarat edi. Bul tuwralı E.P.Proxorov, E.V.Axmadulin, B.Ya.Misonjnikov, A.N.Teplyashina, S.G.Korkonosenko, İ.Yu.Glinskaya, O.N.Savinova hám basqalar óz miynetlerinde atap ótedi. E.V.Axmadulinniń atap ótiwinshe, jurnalistikanıń usı funktsiyası jurnalistikanıń payda bolıwına sebep bolǵan tiykardı, jurnalistika tábiyatın sáwlelendirip berip, kommunikciyanıń qanday da informatsiyanı tarqatatuǵının atap ótedi [1:240].

Jurnalistikanıń sociallıq institut sıpatındaǵı roli tuwralı aytqanda burınnan jurnalistikası biz benen birge qáliplesken Rossiya jurnalistikası menen shegaralanıp qalmastan, basqa sırt elli ilimpazlardıń da pikirlerine toqtap ótken orınlı boladı. Mısalı, Dj.Gerbner ǴXQnıń tiykarǵı funkciyası retinde jámáát pikirlerin payda etiw, maǵlıwmat hám kewilashar maǵlıwmatlardı tarqatıw, jámiyetti sawatlandırıw, bilimge bilim qosıp barıw, adamlardıń birlesiwine jol ashıp beriw [2:35] deydi. Al, F.Sibert, T.Peterson, U.Shrammlar ǵalaba xabar quralларınıń jeti sociallıq funkciyasın sanap ótedi. Bular siyasiy sistemaǵa xızmet etiw, jámiyettegi mashqalalardı kórip shıǵıw, jámiyetti óz betinshe pikirlew hám ózin-ózin basqarıw boyınsha sawatlandırıw, insan huqıqların qorǵaw, reklama arqalı satıwshı hám qarıydar arasındaǵı baylanıstı júzege keltiriw, kewilashar funktsiyası, basılımnıń finanslıq erkinligin támiyinlew [7:223].

Ilimpaz G.Pershke jurnalistikanıń jámiyetke tásirin atap ótip, bunıń úshtiykarǵı baǵdarınatıp ótedi: ideologiyalıq, mádeniyhámsociallıq [5:78].

Joqarıdaǵı pikirlerdiń hár biri de óz ornında jurnalistikanıń jıllar dawamında qáliplesken, adamlar qabıl etken wazıypaların sáwlelendirip beredi desek hasla qáte emes. Solay da, milliy jurnalistikamız názerinen alıp qaraǵanda milliy baspasózimizde uzaq jıllar dawamında qáliplesken, basılımlarda shınjırma-shınjır izbe-izlikte rawajlandırılıp, keyingi áwlad jurnalistlerine jetkerilip kiyatırǵan jurnalistika túsinigi G.Pershke pikirinde anıǵıraq kórsetilgen dep shamalaw múmkin. Bunıń tiykarın biz milliy jurnalistikamız

Rossiya jurnalistikası menen bir bapta, bir sistemada jıllar dawamında qáliplestirilgeni, bir ideologiyadan suw ishkeni menen túsindirip beriwimiz múmkin. Sebebi, eski dáwirlerde burıngı awqamda jurnalistika ideologiyalıq qural, jas áwladtı, xalıqtı bir baǵdar, bir sistemada uslap turıw, pikirler erkinligin sheklew, jurnalistikanıń erkinligin qadaǵalaw arqalı ámelge asırılǵanı kópshilikke málim. Nátiyjede jurnalistikanıń F.Sibert, T.Peterson, U.Shrammlar atap ótken jeti sociallıq funkciyalarına jatqarılǵan reklama arqalı satıw menen qarıydardı baylanıstırıw, basılımlardıń finanslıq tárepten erkinligin támiyinlew máseleleri kún tártibinde bolǵan joq. Bunıń tiykarǵı sebepleri tómendegiler: rawajlanǵan batıs ellerinde jámiyetlik hám jeke menshik basılımlar báseki tiykarında jumıs alıp bardı. Yaǵnıy olar mámleket tárepinen qarjılandırmadı, bul olardıń óz baǵdarın, siyasatın júrgiziwde erkinlikti bergen bolsa, qarjı menen támiyinlew máselelerin jeke ózleri sheshiw wazıypasın júkledi. Gazeta-jurnallar qarjısı jazılıw, usaqlap satıw hám túrli reklamalar tiykarında qáliplestirildi. Televidenie hám radiokanallar televidenie menen radionı kóriw hám esitiw ushın tólem, túrli reklamalar menen qarjılandırıldı. Bul finanslıq jaqtan biraz mashqalalardı tuwdırıwına qaramastan, olardıń erkinligi, mámlekettiń qatań sızıp bergen siyasatı sheńberinde qalıp qoymay, jámiyette júz berip atırǵan waqıyalarda óz pikirine iye bolıw, xalıqtıń tilekusınısların bir jerge jámlew ushın keń múmkinshilikler berdi. Tuwrı, batıs mámleketlerinde barlıq basılım hám tele-radio kompaniyalar óz betinshe rawajlandı dep aytsaq, birinshi, biraz asırıp jibergen bolamız. Ayrımları iri-iri kompaniyalarǵa, bazıları qanday da siyasiy partiyalarǵa xızmet etti. Partiyalardıń saylaw aldı shıǵıp sóylewleri, maqsetlerin xalıqqa jetkerdi, olarǵa minberdi berdi. Jámiyetti qanday da maqset jolında birlestiriw xızmetin ótedi.

Joqarıda televidenie, radio, jańa zamanda payda bolǵan saytlardıń búgingi kúndegi xızmetlerin tilge aldıq. Al, baspasózdiń, sonıń ishinde, respublikalıq basılımlardıń tek ǵana eski dáwirdegi finanslıq jaǵdayı, ideologiyanı sáwlelendiriw máselelerine ǵana toqtadıq. Búgingi kúnde respublikalıq gazeta-jurnallar qanday baǵdarda islep atır? Auditoriyanı tartıw, jámiyetlik pikirdi tuwdırıw boyınsha qanday jumıslardı ámelge asırmaqta?

Bizińshe, búgingi kúnde respublikalıq basılımlardaǵı finanslıq qısılshańlıq, qarjı menen támiyinlew, jazılıwdaǵı qıyınshılıqlar sheshim tappawı jumıslarınıń da zaman dárejesinde rawajlanıwına tosqınlıq jasap atırǵanın kózge taslanadı. Shının aytqanda, keyingi jılları gazeta-jurnallarda jámiyetlik pikirdi oyatıw, auditoriya qanday da mashqalaǵa itibar tartıp, birge sheshiw jolların izlew awız toltırıp aytatuǵın dárejede dep bolmaydı. Jámiyetti dúr silkindiretuǵın iri-iri temalardı aytpaǵannıń ózinde, kishigirim mashqalalar, puqaralardı oylandıratuǵın materiallar júdá siyrek. Kópshiligi toylar haqqında oylar, tariyx, ekologiya, jańa texnologiyalardıń keri tásirleri siyaqli temalar dógereginen arı óte almay atır. Buǵan, birinshi náwbette gazeta-jurnallardıń órisiniń tarılıwı, yaǵnıy auditoriyasınıń kemip ketiwi de úlken tásir jasaǵan. Házir kópshilik gazeta-jurnal aqtarıp, ózine kerek maǵlıwmattı alǵannan, qısqa-qısqa maǵlıwmatlardan barlıǵın túsinip alǵısı keledi. Analitikalıq materiallardıń qunı negedur adamlardı bir silkindirip, óship qalatuǵın waqıyalarǵa ornın bosatıp bergen. Ayrımlar gazeta-jurnaldaǵı jurnalisttiń tereń oy-pikirin oqıp otırıwǵa, qunın bahalawǵa waqıt tappaydı. Barlıǵına tez hám jan qıynalmay jetiskisi keletuǵınday. Bir tárepinen bunda basılımlardıń da ayıbı bar dep oylaymız. Uzaq jıllar dawamında júzege kelgen usıl-jol keyingi jıllarda da derlik ózgerislerge ushıramadı. Basılımlar mámlekettegi reformalardıń barısı, kúndelikli turmısta júz berip atırǵan unamlı ózgerisler sıyaqlı materiallar sheńberinen shıǵa almadı, sońǵı dáwirdegi demokratiyalıq-puqaralıq jámiyet qurıw, sóz erkinligine keń jol beriliwi de olardıń mazmun-baǵıtına aytarlıq jańalıqlar alıp kelmedi. Sonday-aq, respublikalıq basılımlardıń ózi jańa texnologiyalar xızmetinen paydalanıp xalıqtıń kúndelikli jańalıqlarǵa bolǵan talabın operativ túrde qanaatlandırıw, olardı oylandırǵan máseleler dógereginde pikir júrgiziwde de sociallıq saytlarǵa qaraǵanda ádewir aqsadı.

Álbette, bunıń menen gazeta-jurnallar óziniń sociallıq institut sıpatındaǵı wazıypasın atqarmay atır dep aytıw múmkin emes. Sońǵı jıllarda toylardı ıqshamlap ótkeriw, ádep-ikramlıq, moral teması, salt-dástúrlerimiz boyınsha járiyalanǵan materialları menen auditoriya – basılım arasındaǵı pikir almasıw, qarım-qatnas, jámiyettiń pikirlerin tıńlaw júzege kelip atırǵanın da aytpay ketiwge bolmaydı. Sózimiz qurǵaq qalmawı ushın bir mısal keltiremiz. «Erkin Qaraqalpaqstan» gazetasında járiyalanǵan akademik J.Bazarbaevtıń «Dástúrlerimizdi ıqshamlawdıń jolları qáne?» atamasındaǵı maqalasında eki jastıń turmıs qurıw toyı, quda shaqırıspaq, qalıń mal, qádeler tuwralı keń pikir júrgiziledi. Toylardı ıqshamlap, mádeniyatlı, tártip-intizamlı, tásirli etiw jolların sóz etedi. «Xalqımızdıń «jıynaǵan-tergeniń toyǵa buyırsın» degen duwalı gápi bar. Bul adamzattıń muqaddes shańaraǵın qurıwdıń qádirine aytılǵan. Ol gápte jıynaǵanıńdı mánissiz shashıw degen emes, júdá ıqtıyat bol, basqaǵa isenbe. Balalarınıń keleshegin oylaǵan aqılnásiyat» [3].

Marhum akademik J.Bazarbaevtıń maqalası ózi toydı dábdebege aylandırıwdıń keri tásirlerinen jábir kórip atırǵan kópshilik oqıwshılardı biyparq qaldırmaslıǵı anıq. Sebebi, bir kúnlik toy dep jıyǵan-tergenin shashıp, erteńine qıynalıp atırǵan shańaraqlar qansha. Húrmetli akademik aǵamız usınday dábdepazlıq illetlerinen qutılıw lazımlıǵın aytıp, ortaǵa pikir taslaǵan. Álbette, birazlar usınday pikirde bolsa da, akademiktiń mashqalanı alıp shıǵıwı onıń tásir kúshiniń joqarılawına xızmet etedi. Jámiyettiń pikirin oyatadı.

**Juwmaq.** Ulıwma alǵanda, házirgi kúnge kelip elimizdegi ǵalaba xabar qurallarınıń sociallıq institut sıpatında qáliplesiwi batıs jurnalistikasınan biraz arqada qalǵan bolsa da, jergilikli mentalitet, jergilikli xalıqlardıń oylaw sheńberi, pikirlew dárejesine sáykes rawajlanıp atır dep aytıw bizinshe orınlı boladı.

## Ádebiyatlar

1. Ахмадулин Е.В. Основы теории журналистики: учебник и практикум для вузов. 2-е изд., испр. и доп. - Москва: «Юрайт», 2024. –С. 286.
2. Gerbner G. Mass Media and Human Communication Theory // Sociology of Mass Communication / ed. by D. McQuail. Harmondsworth, 1972. -P. 35-58.
3. / «Еркин Қарақалпақстан», 1-май 2018-жыл. №54 (20140).
4. https://t.me/KARAKALPAK24/37881
5. Пёршке Г. Журналистика как отрасль духовного производства. // Основные понятия теории журналистики (новее подходы к проблеме) / Под ред. Я.Н. Засурского. – М.: 1993. -С. 81-89.
6. Трубицына И.В. Английская журналистика XVII в.: от рукописных листков – к печатной газете. //Вестник МГУ. Серия 10 урналистика». 1978, № 2.
7. Сиберт Ф., Шрамм У., Питерсон Т. Четыре теории прессы. -М.: Нац. ин-т прессы, Вагриус, 1998. – С.223.

**REZYUME.** Maqolada jurnalistikaning ijtimoiy institut sifatidagi oʻrni va roli belgilab berilgan, bu masala mintaqaviy nuqtai nazardan tahlil qilingan.

**РЕЗЮМЕ.** В статье определены место и роль журналистики в обществе как социального института, этот вопрос анализирован в региональном аспекте.

**SUMMARY.** The article defines the place and role of journalism in society as a social institution; this issue is analyzed from a regional perspective.

## ISAJON SULTONNING “ALISHER NAVOIY” ROMANIDA SUJET VA BADIIY USLUB

**M.Ergashev –** *assistent oʻqituvchi*
*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*

**Tayanch soʻzlar:** sujet, ekspozitsiya, obraz, uslub, dumli yulduz, sahro.
**Ключевые слова:** сюжет, контакт, образ, стиль, комета звезда, пустыня.
**Key words:** plot, exposure, image, style, comet star, the desert.

Zamon rivojlanar ekan, adabiyot va san’at ham birdek rivojlanishda boʻladi. Mustaqillikka erishganimizdan soʻng, mafkuraviy erkinlikning berilishi hamda uzoq vaqtlar qoralanib kelingan asl millat farzandlarining nomlari oqlanishi va yozgan asarlarining ommaga taqdim etilishi adabiyotning gullab-yashnashiga katta hissa qoʻshdi. Buyuk mutafakkir, gʻazal mulkining sultoni Alisher Navoiy haqida adabiyotimizda koʻplab shoh asarlar yartilganligi hammamizga ma’lum, ammo yaratilgan asarlar mustqillik yillarigacha qoralanib kelingan. Istiqlol davri adabiyotining betakror asarlari bilan boyishiga xizmat qilib kelayotgan iste’dodli adib Isajon Sultonning romanlari romanchilik an’analarinining ajib chizgilarda davom etayotganidan dalolat beradi.

Isajon Sulton nasrida adabiy an’ana xususida gap ketarkan, yozuvchining mumtoz adabiyot xazinasi, xususan, Nizomiddin Mir Alisher Navoiy ijodiy merosidan bahramand boʻlishini chetlab oʻtish mumkin emas. Zotan, gʻazal mulkining sultoni Alisher Navoiy dahosi necha asrlardirki, dunyo kitobxonlarini oʻziga maftun etib kelmoqda. Bu ulugʻ zotning gʻazallari shoirlarimiz uchun ilhom manbayi boʻlibgina qolmay, uning epik asarlari ham nosirlarimiz diqqatini oʻziga jalb etmoqda.

Darhaqiqat, Isajon Sultonning “Ozod”, “Boqiy darbadar” romanlari Alisher Navoiy badiiy olamidan oziqlangan asarlar sirasiga kiradi. Xususan, adibning “Ozod” romanida Alisher Navoiy dostonlariga oʻxshash sujet va gʻoyalar anchagina. Bundan tashqari, adibning “Alisher Navoiy” romani Navoiy timsolini yanada yorqinroq gavdalantirishga xizmat qiladi.

“Bugun oʻzbek nasri xazinasi iste’dodli yozuvchi Isajon Sultonning “Alisher Navoiy” nomli yangi romani bilan boyidi. Aslida, “emas oson bu maydon ichra turmoq...”. Oʻzbek adabiyoti tarixida hazrat Alisher Navoiy obrazi bor, teatr va kino talqinlari ham. Ammo ma’naviy zaruratga koʻra, adib Alisher Navoiy siymosiga qayta murojaat qildi” [1].

Isajon Sultonning “Alisher Navoiy” romani 4 qismga ajratilgan. Bu qismlar Navoiyning “Xazoyin ul-maoniy” devonidagi 4 devonga oʻxshaydi:

1. “Gʻaroyib us-sigʻar” (“Bolalik gʻaroyibliklari”)
2. “Navodir ush-shabob” (“Yigitlik shabadalari”)
3. “Badoye ul-vasat” (“Oʻrta yosh kayfiyatlari”)
4. “Favoyid ul-kibar” (“Qarilik foydaliklari”)

Asarda Navoiyning bolaligidan to umrining soʻnggi kunlarigacha boʻlgan voqealar tarixiy faktlar bilan yoritilgan. Shuni ham alohida ta’kidlash joizki asarda tarixiy voqealar asos qilib olingan boʻlsada, badiiylik, ifodaviylik yuqori. Muallif har bir bobda Navoiy hayoti fasllarini voqealar asosida yoritib beradi. Aynan nomlanishida ham Alisher Navoiyga izdoshlikni koʻrishimiz mumkin. Asarning koʻplab qismlarida 4 soni bilan aloqodor joylarni koʻramiz. Bunga yuqoridagi misollar bilan birga, Navoiyning asar davomida dumli yulduzni 4 bora uchratishini ham olishimiz mumkin. Bu misollardan adib Navoiy hayotini tasavvufning 4 bosqichiga: shariat, tariqat, ma’rifat va haqiqatga bogʻlaganligini dalolat.

Yozuvchining asarni tasavvufga bogʻlashda faqatgina shu misollar bilan chegaralanib qolmaydi. Adib romanning birinchi qism “Gʻaroyib us-sigʻar” bobidagi “Muqaddima” qismida mumtoz adabiyotimizdagi